


ADOLESAN AK OPYOYID

Kesyon Kouran yo. Repons ki senp.



KISA OPYOYID YO YE?

- Opyoyid yo se medikaman ki fèt ak plant pavo opyòm oswa medikaman yo fè yon fason sentetik pou yo sanble nan konpozisyon chimik yo.
- Gen opyoyid ki legal tankou sa pou soulaje doulè yo sou preskripsyón. Adolesan yo jwenn aksè ak preskripsyón opyoyid legal yo tankou oxycodone (OxyContin®, Percocet®), hydrocodone (Vicodin®), oxymorphone, codeine, morphine (Kadian®, Avinza®), ak fentanyl dirèk nan tiwa famasi lakay yo.
- Gen kèk opyoyid ki ilegal, tankou ewoyin.

KI LYEN KI GEN ANT OPYOYID YO PRESKRI AK EWOYIN?

- Medikaman yo preskri yo ak ewoyin nan sanble yon fason chimik epi fè menm efè yo. Moun ka vin dejwe ak tou de epi moun ka fè ovèdoz ak tou de.
- Gen kèk moun ki vin depann ak opyoyid yo preskri a epi chanje l ak ewoyin.
- Nan kèk kominote, ewoyin nan mwen chè epi sa posib pou jwenn li pi fasil ke opyoyid yo preskri yo, se pou sa kèk moun ki depann de opyoyid yo preskri a chanje l pafwa.

KÒMAN MWEN KA FÈ KONNEN SI ADOLESAN MWEN AN AP KONSOME OPYOYID OSWA LÒT DWÒG?

Efè konpòtman:

- Chanjman nan fason twalèt li, tankou pa bwose cheve, dan oswa pa benyen
- Chanjman nan imè
- Manke enterè pou fè twalèt oswa pwòpte l
- Move nòt, pa al nan kou, oswa chome lekòl
- Pèdi enterè nan aktivte li pi renmen yo
- Chanjman nan abitid manje epi/oswa dòmi
- Pwoblèm nan relasyon avèk fanmi oswa zanmi li yo

Efè fizik:

- Konstipasyon
- Anvi vomi
- Vomi
- Bouch sèch
- Somnolans ak/oswa toudisman
- Konfizyon
- Respirasyon ralanti
- Demanjezon oswa swe anpil

KÒMAN KÒ A REYAJI AK OPYOYID YO?

Yo preskri opyoyid yo plis pou soulaje doulè. Li bloke siy doulè sèvo a voye bay kò a epi lage yon gran kantite nan yon pwodui chimik yo rele dopamin. Sa soulaje doulè a epi lakoz ou gen yon sansasyon ke w ap plane.

KI RISK KI GEN LÈ W AP KONSOME OPYOYID?

- Kèk opyoyid, tankou ewoyin, kreye yon dependans ki fò, epi menm sa yo founisè swen sante preskri yo kapab kreye yon dependans ki fò.
- Gen kèk moun ki kòmanse pran opyoyid yo preskri yo epi chanje l pou ewoyin oswa lòt dwòg ilegal nan lari.
- Yo ka koupe anpil nan dwòg sa yo ak fentanyl, yon opyoyid ki 50 fwa pi fò pase ewoyin, sa ki ogmante anpil risk pou ovèdoz ak lanmò.
- Yon tolerans ki vin ogmante rive ofiramezi, sa ki oblige pou moun nan pran yon kantite plis epi plis toujou pou menm efè a. Sa fè yo gen plis chans pou fè yon ovèdoz.

KÒMAN MOUN YO ABIZE YO DE OPYOYID?

Adolesan ak lòt moun abize yo de opyoyid nan:

- Pran yon preskripsiyon yon lòt fason yo endike yo a, tankou pran plis ke sa yo preskri a oswa pran l pi souvan.
- Jwenn epi pran gress yo preskri yon zanmi oswa yon manm fanmi, menmsi se pou yon kondisyon medikal reyèl.
- Pran medikaman yo preskri pou yo dwoge.
- Melanje opyoyid yo preskri yo ak alkòl owa lòt dwòg.
- Kraze gress yo oswa ouvri kapsil yo, fè poud la fonn nan dlo, epi enjekte likid la nan yon venn, oswa rale poud la nan nen.

KÒMAN YON MOUN RIVE FÈ OVÈDOZ OPYOYID?

- Opyoyid yo ralanti fonksyònman kò a tankou respirasyon ak batman kè. Twòp ka lakoz yon depresyon respiratwa fatal.
- Menm si yon itilizatè pa mouri avèk yon ovèdoz, mank oksijèn ka mennen yon koma oswa yon domaj nan sèvo.

PREVNI OVÈDOZ

Anpeche adolesan yo mal itilize opyoyid.

- Paran ak lòt modèl wòl yo genyen yon gwo enfliyans sou adolesan yo. Pale avèk adolesan yo konsènan danje opyoyid yo epi rete aktivman enplike nan lavi yo.
- Pale avèk yon pedyat oswa avèk yon doktè familyal konsènan lòt fason pou jere doulè. Panse pou itilize lòt estrateji pou jere pwòp doulè w pou sibstans sa yo pa rete lakay ou.

Konsève preskripsiyon yo yon fason sekirize.

- Sèlman itilize preskripsiyon yo jan yo endike a.
- Pa pataje preskripsiyon yo avèk OKENN MOUN.
- Vewouye preskripsiyon yo epi kite yo kache lwen nenpòt moun ou pa vle pou jwenn yo.
- Byen jete nenpòt medikaman ou pa itilize oswa medikaman ki ekspire nan yon sit eliminasyon ki apwouve.

Konnen naloxone.

- Naloxone —yo konnen tou avèk non mak li a ki se Narcan—se yon medikaman ki ka sove lavi epi ki ka kanpe yon ovèdoz byen vit.
- Yo jeneralman administre Naloxone kòm yon espre nazal.
- Ou ka jwenn naxolone byen fasil nan famasi ak nan lòt lye yo.
Vizite <https://www.helpisherede.com/Get-Help/Overdose-Prevention> pou aprann plis konsènan naloxone, ki genyen ladan fason yo ka voye l pou ou pa lapòs.
- Naxolone souvan gratis.
- Si ou se yon paran oswa yon pwofesè pou adolesan, ou ta dwe mete naxolone toupre w. Li ka sove yon lavi.



KOUNYEYA MWEN KONNEN REVALITE YO — *KISA KIVINI APRESA!*

Ou ka vizite talk2kidsaboutdrugs.com pou jwenn enfòmasyon de konfysans, enfòmasyon ki konkrè pou paran ak edikatè yo.